«TASTÍYÍQLAYMAN»
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám
agrotexnologiyalar institutı rektorı
w.w.a ______________ E.SH.Tóreniyazov
«__» «____________» 2022-jıl

# Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutınıń Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha student-jaslar klubı NÍZAMÍ

## I. Ulıwma qaǵıydalar:

**1.** Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutınıń Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha student-jaslar klubı (keyingi orınlarda – Klub dep júritiledi) Ózbekstan Respublikası Konstitutciyası, "Bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 9-yanvardaǵı "Jámiyette huqıqıy sananı hám huqıqıy mádeniyattı kóteriw sistemasın túpten jetilistiriw haqqında"ǵı PP-5618-sanlı Pármanı 2019-jıl 27-maydaǵı "Ózbekstan Respublikasında korrupciyaǵa qarsı gúresiw sistemasın jánede jetilistiriw is-ilajları haqqında"ǵı PP-5719-sanlı Pármanı, Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń 2021-jıl 5-marttaǵı 120-sanlı buyrıǵı, Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutınıń 2021-jıl 3-iyuldaǵı 01-12-12/122-sanlı buyrıǵına tiykarlanıp shólkemlestiriledi hám óz iskerligin usı nızamǵa muwapıq alıp baradı.

**2.** Klubtıń tiykarǵı maqseti institutta professor-oqıtıwshılar, texnik-xızmetkerler hám student-jaslarda korrupciyaǵa kelisimsiz múnásebetti hám korrupciyaǵa qarsı socialıq–psixologiya immunitetin qáliplestiriw, korrupciyaǵa qarsı gúresiw processinde jámiyetshilik qadaǵalawın jolǵa qoyıwdan ibarat.

**3.** Klubtıń tiykarǵı wazıypaları:

- Úgit – násiyatlaw jumısları arqalı professor – oqıtıwshılar, texnik – xızmetkerler hám student–jaslar arasında korrupciyanıń hár qanday kórinislerine nol dárejedegi shıdamsızlıqtı qáliplestiriw;
- institutta korrupciyaǵa qarsı gúresiw tarawı boyınsha alıp barılıp atırǵan is-ilajlarda student–jaslardıń aktiv qatnasıwın támiyinlew;
- jámiyetlik hám siyasiy turmıstıń barlıq tarawlarında, birinshi náwbette, bilimlendiriw tarawında korrupciyanıń aldın alıw boyınsha anıq usınıslardı islep shıǵıwda belsendi qatnasıw;
- instituttıń student-jaslar qatnasıwında korrupciyanıń mazmun-mánisi, onıń kelip shıǵıw sebepleri hámde oǵan qarsı gúresiw boyınsha ushırasıwlar, fleshmoblar hám basqa ilajlar shólkemlestiriw hám ótkeriw.

**4**. Klub iskerligi ıxtıyarıy, ǵárezsiz, nızamlılıq, obektivlik, kollegiallıq hám áshkaralıq principleri tiykarında shólkemlestiriledi.

## II. Klub strukturası hám shólkemlesken máseleler

**5.** Klub Ózbekstan Respublikası nızamlarına tiykarlanıp institutta jámiyetshilik baslama tiykarında shólkemlestiriledi.

**6.** Klub iskerligine ulıwma basshılıq etiw institutttıń Korrupciyaǵa qarsı gúresiw "komplaens-qadaǵalaw" sistemasın basqarıw bólimi (keyingi orınlarda-bólim dep júritiledi) tárepinen ámelge asırıladı hám de klub belsendileri bólim aldında esabat beredi.

**7.** Klub ayrıqsha emblemasi (logotipi)na iye boladı.

**8.** Bólim tárepinen Klub iskerliginde qatnasıwshılar dizimi fakultet dekanları usınısına tiykarlanıp awızeki soraw tiykarında qáliplestiriledi.

**9.** Bólimge usınıs etilgen dizimde keltirilgen student-jaslar menen ulıwma tanısıw ushın sáwbetlesiw ótkiziledi. Sáwbet dawamında studentlerdiń bilim dárejesi hám dún`ya kóz qarası bahalanadı.

**10.** Sáwbet nátiyjesi boyınsha student-jaslardı klub aǵzalıǵına qabıl etiw bólim tárepinen dúzilgen qol qoyılǵan juwmaqlawshı dizim tiykarında ámelge asırıladı.

**11.** Klub aǵzalarınıń iskerligi bir neshe sektorlarǵa bólingen tártipte ámelge asırıladı.

**12.** Klub aǵzalarınıń iskerligin tuwrı shólkemlestiriw hám muwapıqlastırıp barıw maqsetinde bólim tárepinen hár bir sektorǵa joqarı oqıw ornı professor-oqıtıwshısı – sektor basshısı hám de aǵzalar arasınan sektor jeteksh isi dizimi engiziledi.

**13.** Klub is-rejesinde ámelge asırılatuǵın is-ilajlar, olardı ótkeriwden maqset, sáneler, qatnasıwshılar, juwapker shaxslar hám ámeliy nátiyjeler sáwlelendiriledi, usı reje hár oqıw jılınıń basında bólim tárepinen tastıyıqlanıp, onı ámelge asırılıwı sistemalı túrde qadaǵalawǵa alınadı.

**14.** Klub is-rejesinde aǵzalardıń ulıwma jıynalısı, korrupciyaǵa qarsı gúresiw temasına baǵıshlanǵan esseler tańlawı hám fleshmoblar, ushırasıwlar, ilimiy seminarlar, korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha taraw xızmetkerleri hám tanıqlı shaxslar qatnasında ushırasıwlardı ótkeriw sıyaqlı ilajlar sáwlelendiriledi.

**15.** Klub aǵzaları nızam ústinligin támiyinley alatuǵın, watanǵa sadıq, korrupciyaǵa qarsı gúresiwde pidayı, jan kúyer, ádep-ikramlılıǵı boyınsha úlgili bolıwı kerek.

**16.** Klub is-rejesi bólim baslıǵı tárepinen tastıyıqlanadı hám esabatlar qabıl etiledi

**17.** Klub aǵzalarına nızam hújjetleri tiykarında qadaǵan etilgen háreketlerdi ámelge asırıw hámde iskerligi dawamında xızmetke tiyisli hám basqa maǵlıwmatlardı ashkara etiw qatań qadaǵan etiledi.

**18.** Klub aǵzaları tómendegi huqıqlarǵa iye:

Klub iskerligi haqqında maǵlıwmatqa iye bolıw;

Klub sheńberinde shólkemlestiriletuǵın tańlawlar hám ilajlarda qatnasıw.

Klub aǵzaları iskerliginen kelip shıǵıp basqa huqıqlarǵa da iye bolıwı múmkin.

**19.** Klub aǵzası tómendegi májbúriyatlarǵa iye:

Instituttıń oqıw processlerine unamsız tásir kórsetpegen halda klub sheńberinde is-ilajlarda qatnasıwǵa;

Bólim baslıǵınıń, Klub sektorı baslıǵı hám jetekshisiniń klub iskerliginde tiyisli nızamlı kórsetpelerin orınlawǵa.

**20.** Klub aǵzaları tómendegi jaǵdaylarda klub aǵzalıǵınan shetlestiriledi:

Óz qálewine kóre arzasına muwapıq;

Institutaǵı oqıwın tamamlaǵan waqtında;

Oqıwdan shetletilgende hám akademiyalıq dem alıs alǵanda;

Xızmetke tiyisli hám basqa maǵlıwmatlardı áshkara etkende;
Den sawlıǵına baylanıslı;
Jınayıy juwapkershilikke tartılǵanda;
Nızamshılıqta belgilengen basqa jaǵdaylarda.

**21.** Studentlerdi klub aǵzalıǵınan shıǵarıw haqqında sektor basshısı Bólimge bildiriw menen múrájáát etedi. Bildiriw tiykarında student klub aǵzaları dizimnen shıǵarıladı.